# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–16 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस सरकार सज्जो जिलाधिकारियन के किसानन के उनके जरूरति के हिसाबि से पुरहर मात्रा में खादि उपलब्ध करवले क निरदेस दिहले हौ। काल्हि आयोजित एगो खास बइठकी में राज्य क मुख्य सचिव एसपी गोयल कहलें कि जिलाधिकारियन के तय मूल्य पर खादिनी क बिकिरी सुनिस्चित करे बदे दैनिक समीक्षा करे के चाही। किसानन के हर बिकिरी के बादे रसीदि जरूर उपलब्ध करावे के चाही। उहां के यूरिया कै गलत उपयोग पर कड़ेर निगरानी रखलहू क निरदेस दिहलीं।

**********

उत्तर रेलवे येह बरिस दिवाली आ छठ के तिउहार के दौरान एक हजार अतिरिक्त बिसेस ट्रेन चला रहल बा। नई दिल्ली में उत्तर रेलवे कै महाप्रबंधक अशोक कुमार वर्मा बतवलें कि पछिला बरिस के तीनि हजार आठ सो ट्रेन के तुलना में येह समय बिसेस ट्रेनन के चारि हजार सात सौ से बेसी फेरा चलि रहल बा।

**दिवाली प्लस छठ कंबाइंड पीरियड ऐसा हो जाता है कि लोगों को छुट्टी मिल जाती है और उस पीरियड में लोग अपना प्लान कर लेते हैं। हम लोगों की कोशिश यह है कि हम लोग ज्यादा से ज्यादा लोगों को सुविधा के साथ में उनके घरों तक पहुंचा पाएं। और जब वह रिटर्न आए तो हमारे पास रिटर्न ट्रैफिक की तैयारी हो।**

येह बिच्चे, बनारस कैंट रेलवे स्टेसन क निदेसक हमरे प्रतिनिधि के बतवलें कि जरूरति परले पर लखनऊ मण्डल कार्यालय के आदेस के हिसाबि से बनारसो से स्पेसल ट्रेन चलावल जाई।

**********

अजोध्या में ओन्नइस अक्टूबर से प्रस्तावित दीपोत्सव क तइयारी जोरिया गइल बा। अजोध्या क मण्डलायुक्त राजेश कुमार बतवलें कि येह बरिस छब्बीस लाख इग्यारह हजार एक सौ एक दीया बारि के विस्व रेकार्ड बनवले क लक्ष्य रक्खल गइल हौ। येह बिच्चे प्रस्तावित दीपोत्सव से पहिले काल्हि राम की पैड़ी पर लेजर अउर लाइट सो क ट्रायलो कइल गइल। दीपोत्सव के देखत आजु अजोध्या क आईजी प्रवीणो कुमार भारी पुलिस बल के साथे पैदल मार्च कइलें। येह दौरान उहां के बतवलीं कि यातायात के सथहीं दीपोत्सव से जुड़ल सज्जो इंतिजाम के देखे बदे पैदल मार्च के लेके अउरियो कार्रवाई कइल जा रहल बा।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी की ओरि से घोसित जीएसटी बचत उत्सव क लाभ समाज के सज्जो लोगिन के मिलि रहल बा। ई उत्सव पछिला महिन्ना के बाइस तारीख से सुरू हो गइल। एगो रिपोर्ट–

**नया कर ढ़ांचा में ट्रैक्टर आ पम्प के उपकरण के लागत में सात से तेरह फीसदी क गिरावट आइल हौ। ई गिरावट छोटहन अउर सीमांत किसानन बदे नया जमाना के कृषि उपकरण पर ढेरे किफाइती बना रहल बा। जेहसे स्थानीय एमएसएमई क प्रतिस्पर्धात्मकता में सुधार होई। तइयार कपड़ा उत्पादन पर जीएसटी कम भइले से सहरी खरीददारन के सामर्थ्य में सुधार होई अउर बुनकर परीवारन खातीर ढेरे आय स्थिरता ले आइले में मददि मिली। जीएसटी के बारह फीसदी के घटा के पांच फीसदी कइले से कारीगरन के ई–कॉमर्स अउर निर्यात बजारिन में मजबूती से बढ़त मिलि। आकाशवाणी दिल्ली से अक्षित अउर आदित्य प्रताप सिंह के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।**

**********

भारतीय प्रौद्योगिकी संस्थान–आईआईटी वाराणसी क चउदहवां दीक्षांत समारोह क आजु काशी हिन्दू विश्वविद्यालय परिसर के स्वतंत्रता भवन में आयोजन भइल। समारोह में मेधावी विद्यार्थियन के एक सौ तेइस पदक बांटल गइल। येह दौरान संस्थान क निदेसक प्रोफेसर अमित पात्रा बतौर सीनेट अध्यक्ष दीक्षांत समारोह क औपचारिक सुरूआति क घोसणा कइलें। उहां के संस्थान के सलाना उपलब्धियो बतवलीं।

**********

पत्र सूचना कार्यालय–पीआईबी बनारस की ओरि से सेवापुरी बलाक सभागार में आजु एक दिवसीय 'वार्तालाप' मीडिया कार्यसाला क आयोजन कइल गइल। येह दौरान क्षेत्रीय मीडिया से संवाद, ट्रेनिंग आ अनुभव साझा कइले के गतिविधियन के साथे–साथे केन्द्र अउर प्रदेस सरकार के योजनन क जनकारी दीहल गइल। कार्यसाला के विधान परिषद सदस्य धर्मेंद्र सिंह, सेवापुरी ब्लॉक प्रमुख रीना कुमारी, पीएमजी कर्नल विनोद आ पीआईबी लखनऊ क निदेसक दिलीप कुमार शुक्ला सम्बोधित कइलें।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ में सिंधी समाज के प्रमुख धर्मगुरु संत शिरोमणि श्री साईं चाँडूराम साहिब जी क आखिरी दरसन कइ के सरधांजलि दिहलें। एगो सोसल मीडिया पोस्ट में मुख्यमंत्री उनके सरगबास पर गहरा सोक जतावलें अपने सोक–सनेसा में उहां के कहलीं कि संत सिरोमणि श्री साईं चॉडूराम साहिब जी अपने पूरा जीवनकाल में करूणा, प्रेम आ सहअस्तित्व के भावना के साथे मानवता क सेवा कइलीं।

**********

युवा कार्यक्रम आ खेल मंत्रालय विकसित भारत युवा नेता संवाद क्विज–दुइ हजार छब्बीस क आखिरी तारीख एकतीस अक्टूबर ले बढ़ा दीहले बा। मंत्रालय बतवलस कि माई भारत पोर्टल के जरिया से अबले बीस लाख से बेसी नौजवान प्रतिभागी येह क्विज में हिस्सा ले चुकल हवें।

**********